

Entwodiksyon

Apeprè 28 milyon Ameriken soufri ak maladi osteyopowoz oswa yo gen anpil chans pou devlope osteyopowoz; 80% nan moun sa yo se fanm. Yo prevwa chif sa a va rive 41 milyon pou rive nan lane 2015 sòsi yo ta pran mezi pou anpeche maladi a gaye. Sou chak 2 fanm, ak sou chak 8 gason, gen yon moun ladan yo ki gen chans pou soufri zo kase akòz osteyopowoz. Osteyopowoz reskonsab plis pase 1,5 milyon ka zo kase rive chak lane, sa ki antrennen apeprè \$14 milya depans chak lane. Apeprè 50,000 moun mouri chak lane akòz konplikasyon maladi osteyopowoz la nan ka zo kase nan hanch.

Preske yon tyè nan fanm ki gen karantsenk (45) ane ou pi plis gen yon faktè chans pou pi piti pou yo devlope osteyopowoz epi yon senkyèm ladan yo, gen de (2) faktè chans. Malgre sa, yon ankèt yo fèk fè nan Gallup montre 3 fanm sou 4 pa janm pale ak doktè yo sou maladi a. Lòt ankèt montre alòs pifò nan fanm okouran maladi osteyopowoz la, pa gen anpil ladan yo ki konnen pwofil tèt pa yo pou risk maladi a, mezi yo ka pran pou anpeche osteyopowoz ak kijan osteyopowoz dyagnostike epi trete.

Paske yo ka detèminen risk pou osteyopowoz la fasil epi paske nouvo dyagnostik ak tretman egziste, gen plis chans pou fè ka osteyopowoz yo bese ansanm ak ka zo kase k ap kokobe moun nan Florid. Pou fè ka osteyopowoz la ak konsekans li bese, sa mande pou bay piblik la ledikasyon sou sa osteyopowoz la ye; sa mande pou yo travay pou chanje konpòtman moun pou fè ka osteyopowoz ak ka zo kase k ap kokobe moun yo, bese. Li mande tou pou yo bay bon jan aksè miyò pou yo detekte ak pou yo trete moun ki gen risk oswa soufri ak maladi osteyopowoz.

Nan lane 1996 lan, lachanm lejislati nan Florid pase lalwa F.S. 381.87 ki te kreye Pwogram pou Prevansyon ak Ledikasyon sou Maladi Osteyopowoz la. Objektif pwogram sa a se te pou “tabli, voye monte ak kenbe yon pwogram pou prevansyon ak ledikasyon sou maladi osteyopowoz, yon jan pou te fè piblik la gen plis konsyans sou sa ki lakòz maladi sa a; ki opsyon ki genyen pou anpeche li; ki benefis ki gen nan detekte li bonè; epitou ki tretman ki ka genyen; ansanm ak benefis ak risk tretman sa yo genyen.” (F.S. 381.87). Yo te mete lajan dekote pou pwogram sa a depi mwa jiyè lane 1998 epi yo te gen yon alyans ki te fòme ant Depatman Lasante ak Depatman pou Zafè ti Granmoun pou te ka rive jwenn sitwayen tout laj nan Florid.

Yo te nonmen yon Komite pwofesyonèl swen lasante, avoka; konsomatè ak reprezantan ajans leta pou bay konsèy sou jan pou reyalize manda lejislatif la. Misyon Komite a se pou voye monte prevansyon ak ledikasyon sou maladi osteyopowoz la nan tout leta Florid la atravè ledikasyon piblik ak ledikasyon pwofesyonèl, pou yo ka diminye ka osteyopowoz, ka lanmò ki gen rapò ak osteyopowoz ansanm ak ka zo kase k ap kokobe moun nan Florid. Komite pou bay Konsèy ak anplwaye Depatman lasante yo, prepare ti gid ledikasyon sa a; yo te devlope materyèl Depatman Lasante Piblik nan Massachussets, pou yo te ka bay piblik la ledikasyon sou maladi osteyopowoz la, jan pou anpeche li ak jan pou trete li. Vizyon komite pou bay konsèy la lè li te kreye ti gid ledikasyon sa a, se te pou antrennen yon pwogram ledikasyon pou kominote yo byen gaye nan leta Florid la, pandan l ap sèvi ak edikatè pou louvri je sitwayen yo nan Florid

sou demach yo ka pran pou anpeche maladi osteyopowoz la ak pou detekte li byen anvan yo kòmanse gen pwoblèm zo kase.

Manm ak anplwaye komite pou bay konsèy sou Prevansyon ak Ledikasyon sou Maladi Osteyopowoz lan kontan dèske w ap ede louveri je piblik la ak ba li ledikasyon sou maladi osteyopowoz la; faktè chans ak jan pou l anpeche li; dyanostike li epi trete li.

Bi nou genyen: Bay yon pwogram ledikasyon byen laj nan kominote a pou fè ledikasyon piblik la sou jan pou anpeche, fè dyagnostik ak jan pou trete maladi osteyopowoz la. Gwoup yo vize se fanm ki gen ant 20 ak 60 an, ansanm ak fanm ki soti nan gwoup moun andeyò yo ak ti gwoup moun ki pa jwenn bon sèvis. Yo va sèvi ak Pwojè pou Granmoun, yo rele “Ranfòse Zo” Pwogram Florid la pou Prevansyon ak Ledikasyon sou Maladi Osteyopowoz, pou pwogram ledikasyon sa a.

Objektif nou: se pou louveri je moun piplis toujou sou maladi osteyopowoz la; faktè chans li ak demach ki pou pran pou anpeche maladi a epi fè risk zo kase diminye.

Bi nou: Sesyon fòmasyon an, ansanm ak ti liv sa a, va ba ou enfòmasyon debaz ou bezwen pou vin yon edikatè ki konnen byen koze ki gen rapò ak osteyopowoz. Men objektif fòmasyon an:

- Bay estrateji ak teknik pou prepare prezantasyon ou yo ak pou bay granmoun yo ledikasyon.
- Bay yon apèsi sou maladi osteyopowoz la ak konsekans li genyen nan lavi moun ak nan sitiyasyon ekonomik yo.
- Bay yon lakonesans debaz sou jan yo refè zo ak sou chanjman nan pwa zo moun pandan tout lavi yo
- Bay enfòmasyon anpwofondè sou faktè chans maladi osteyopowoz la; jan pou anpeche li, dyagnostike li ak trete li.

Ou fèt pou konsilte ti liv sa a lè w ap prepare tèt ou pou prezantasyon ledikasyonèl. Men, sizoka ou ta gen nenpòt ki kesyon ou pa ka reponn oswa si ou pa ta konprann yon enfòmasyon byen espesyal, kontakte Direktè Pwogram pou Prevansyon ak Ledikasyon sou Maladi Osteyopowoz. Si ou pa fin sèten yon repons sou yon kesyon yo poze ou nan yon prezantasyon, avize moun k ap patisipe a dèske ou pa konnen repons lan. Si kesyon an pa gen anyen arewva ak lamedsin, pran non yo ak nimewo telefòn yo, epi fè yo konnen ou va ba yo repons sou sa. Si kesyon an gen arewva ak lamedsin, fè moun k ap patisipe a kontakte konpayi ki ba li swen lasante a. **Pa janm bay okenn enfòmasyon amwenske ou sèten se bon jan enfòmasyon li ye.**

Antan moun k ap bay ledikasyon atravè ledikasyon piblik, w ap ede fè ka osteyopowoz bese ansanm ak ka zo kase k ap kokobe moun nan leta Florid. Nou apresye enterè ou genyen pou ou vin manm nan kokennchenn misyon sa a.